



Pou Piblikasyon Imedya: 02/02/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON NOUVO \$19.5 MILYON NAN FON KAPITAL WOTASYON POU SWEN SANTE KOMINOTÈ

Finansman an Pral Bay Prè ki Pa Chè bay Founisè Sante Kominotè yo pou kapab Amelyore Aksè a Swen Sante

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a etablisman yon Fon Kapital Wotasyon pou Swen Sante Kominotè (Community Health Care Revolving Capital Fund) \$19.5 milyon. Patenarya piblik-prive a pral bay prè ki pa chè yo bay founisè swen sante yo atravè eta a pou pwojè kapital yo ki pral amelyore aksè a swen sante pou tout Nouyòkè.

“Chak Nouyòkè merite aksè a bon jan kalite swen sante, epi nouvo finansman sa pral ede bay ekzakteman modèl sipò ke etablisman sante yo bezwen pou fè sa vin yon reyalitye pou kominote yo atravè eta sa,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Prè ki pa chè sa yo, ki enpòtan anpil yo pral ede elaji epi amelyore sèvis yo, ki ap franchi yon lòt pa annavan pou ale nan yon New York ki pi djanm, ki pi an sante pou tout moun.”

Fon Kapital Wotasyon pou Swen Sante Kominotè a li te konsevwa pou amelyore aksè a kapital pou klinik yo ansanm ak lòt òganizasyon yo ki gen resous ki limite epi ki ap chèche mwayen pou elaji aksè a sèvis premye swen yo. Fon prè wotasyon sa pral bay prè ki fleksib epi ki a pri abòdab bay gwoup sa yo ki souvan enkapab pou jwenn oswa peye pou finansman komèsyal.

DASNY (Dormitory Authority of the State of New York), an konsiltasyon ak Depatman Sante Eta New York (New York State Department of Health, NYSDOH), te chwazi Primary Care Development Corporation (PCDC) pou administre fon an. PCDC pral chwazi prestatè yo atravè yon pwosesis aplikasyon ki apwouve pa DASNY ak NYSDOH. Yo pral itilize fon yo pou bay prè pou pwojè yo nan etablisman ki kalifye yo. Pwojè ki kalifye yo kapab enkli montan depans konstwiksyon, renovasyon, ekspansyon ak modènizasyon yo. Yo kapab itilize fon yo tou pou ogmantasyon kredi ak prè ak sèvis dèt rezève pou pèmèt yon etablisman pou estimile pi gwo envestisman sektè prive. Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite [sitwèb](#) PCDC a.

Gerrard P. Bushell, ki se Prezidan ak CEO Dormitory Authority nan Eta New York, te deklare, “Patenarya piblik-prive sa bay ekzanp de resous ke Eta New York ka favorize pandan ke n’ap transfòme epi ranfòse swen sante atravè Eta New York. Nan

etabli Fon Kapital Wotasyon pou Swen Sante Kominotè a nou ap bay resous ki pa chè yo pou ede kreye yon sistèm swen sante klas mondyal ki ap pwomouvwa byennèt, epi kontribiye nan kwasans ekonomi Eta New York.”

Howard Zucker, M.D., ki se Komisè Depatman Sante, te deklare, “Nou kontan anpil pou nou travay ansanm ak patnè nou yo ki nan DASNY pou fè fon yo disponib pou klinik ak sant tretman yo ki bezwen asistans finansye pou kapab elaji. Premye swen ak swen prevantif yo esansyèl pou inisyativ refòm swen sante nou yo. Fon sa yo pral ede nou pouswiv gwo objektif sa yo.”

Ann Marie Sullivan, M.D., ki se Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health), te deklare, “Aksè a bon jan kalite sèvis sante mantal yo li enpòtan anpil pou kreye kominote ki an sante yo ak ekite sante atravè eta a. Nan entegre swen sante mantal ak premye swen sante ak tretman twoub abi sibstans, Eta New York pral pote sipò adisyonèl epi ke yo bezwen anpil pou founisè sante konpòtmantal ki baze sou kominote yo, nan objektif pou kapab amelyore byennèt jeneral Nouyòkè yo.”

Kemp Hannon, ki se Prezidan Komite Sante Sena nan Eta New York (New York State Senate Health Committee), te deklare, “Mwen fyè poutèt mwen te sipòte kreyasyon Fon Prè Kominotè (Community Loan Fund) \$19.5 milyon an. PCDC gen yon istwa djanm nan envesti nan sant sante kominotè yo, epi kounye a se yon moman kritik pou deplwaye finansman adisyonèl pou ranfòse premye swen atravè Eta New York.”

Richard N. Gottfried, ki se Prezidan Komite Sante Asanble Eta New York (New York State Assembly Health Committee), te deklare, “Sistèm swen sante New York ekzije yon fondasyon solid pou premye swen. Sa te pran dè ane travay. Li se yon pa annavan enpòtan pou ale nan kominote ki an sante yo. DASNY ansanm ak Depatman Sante te kòrèk nan chwazi PCDC pou kapab administre pwogram lan, ak rejis ekselan li an ki ap sipòte sant sante kominotè yo atravè eta a.”

Louise Cohen, ki se CEO Primary Care Development Corporation, te deklare, “Nou kontan anpil dèske DASNY ansanm ak Depatman Sante te chwazi PCDC pou kapab administre Fon Kapital Wotasyon pou Swen Sante Kominotè a. Inisyativ sa pral ede PCDC reponn a bezwen ekspansyon sibstansyèl yo pou founisè swen sante konpòtmantal ak premye swen ki baze sou kominote yo atravè Eta New York, ki enpòtan anpil pou sistèm sante ak refòm pèman ki reyisi. Lidèchip Gouvènè Andrew Cuomo, Richard Gottfried ki se Prezidan Komite Sante Asanble ak Kemp Hannon ki se Prezidan Komite Sante Sena, menm jan ak patenarya nou ak Asosiyasyon Swen Sante Kominote (Community Health Care Association) nan Eta New York, yo te fè pwogram inovatif sa vin yon reyalyte.”

Mary Zelazny, ki se Prezidan Komite Asosiyasyon Swen Sante Kominote (Community Health Care Association) Eta New York ak CEO Sante Kominotè Finger Lakes lan (Finger Lakes Community Health), te deklare, “Nou apresye jefò Kò Lejislatif yo ansanm ak Gouvènè a poutèt yo fè nouvo fon kapital sa vin yon reyalyte. Yo rekonèt klèman wòl krisyal ke founisè ki baze sou kominote yo, ki enkli FQHC (Federally Qualified Health Center), jwe nan ede transfòme sistèm livrezon swen sante New York pou kapab amelyore livrezon bon jan kalite sèvis swen sante a yon pri ki pi abòdab. Fon Kapital Wotasyon pou Swen Sante Kominotè a bay yon nouvel opòtinite

finansman pou manm nou yo pou kapab abòde yon pòsyon nan nesesite kapital ki enpòtan anpil yo pandan ke y'ap devlope epi modènize etablisman yo. Nou konnen ke Primary Care Development Corporation rekonèt alafwa nesesite ak valè founisè sante kominote ki djanm yo, epi nou espere travay ansanm ak PCDC ak DASNY sou inisyativ sa.”

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418